

# 5 PREMYE BAGAY TOUT MOUN BEZWEN KONNEN SOU ZIKA



## 1



**Zika simaye plis nan marengwen ki enfekte. Ou kapab pran Zika nan fè sèks tou.**

Plizyè zòn Ozetazini gen kalite marengwen ki kapab simaye viris Zika a. Kalite marengwen sa yo mòde moun anpil pandan lajounen, epi yo kapab mòde moun pandan lanwit tou. Anplis, yon moun ki gen Zika kapab bay moun li konn fè sèks ak li yo li.

## 2

**Pi bon fason pou evite Zika se pou pa kite marengwen mòde ou**

- Itilize pwodwi ki pouse marengwen. Li mache!
- Mete chemiz manch long avèk pantalon long.
- Rete kote ki gen èkondisyone oswa itilize twil pou fenèt avèk pòt.
- Jete dlo ki chita bò lakay ou.



## 3



**Zika ka lakòz malfòmasyon konjenital.**

Lè yon fanm gen Zika pandan li ansent sa kapab lakòz yon malfòmasyon konjenital grav ki rele mikwocefali. Sa a se yon siy sèvo a pa fin devlope. Si ou gen yon moun ou konn fè sèks ak li k ap viv oswa vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, piga nou fè sèks, oswa itilize kapòt chak fwa nou fè sèks pandan ou ansent la.

## 4

**Fanm ansent yo pa sipoze vwayaje nan zòn ki gen Zika yo.**

Si ou oblije vwayaje nan youn nan zòn sa yo, pale ak pwofesyonèl swen sante ou avan epi swiv etap sa yo san mank pou evite marengwen mòde ou pandan vwayaj la.



## 5



**Moun ki retounen sot vwayaje epi ki gen enfeksyon Zika a kapab simaye viris la lè marengwen mòde yo.**

Si ou pran viris Zika a epi yon marengwen mòde ou, ou kapab bay marengwen an viris la. Marengwen ki enfekte a mòde lòt moun, epi li bay yo enfeksyon an tou. Moun ki retounen sot vwayaje yo sipoze itilize kapòt tou oswa pa fè sèks menm si yo pa vle bay moun yo konn fè sèks ak yo viris la.

[WWW.CDC.GOV/ZIKA](http://WWW.CDC.GOV/ZIKA)

Lang Kreyòl, Vèsyon Aksesib: <http://www.cdc.gov/zika/pdfs/top5.pdf>

